ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№67 (23.225) • 2016 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 12, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщыхуагъэхьэзыр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и члисэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыр къызэрызэІуахынум. ИкІэм нэблэгъа ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр абы зэрыщекІуэкІыр КІуэкІуэ Юрий къыпщытащ



**Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщыхуагъэхьэзыр Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыуэ щытыну члисэр - щихъ пэлъытэ Магдалинэ Марие и члисэр къызэрызэІуахынум. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр абы иджыпсту зэрыщекІуэкІыр къыпщытащ КІуэкІуэ Юрий.**

АБЫ республикэм исхэр поплъэ члисэр къыщрагъэжьауэ щыта 2004 гъэ лъандэрэ. А зэманым тхьэелъэІупІэр ухуэныр куэдрэ зэблэуащ, 2009 гъэм къагъэувыІэпащ.

Иужьрей илъэсым лэжьыгъэхэр ирагъэжьэжащ икІи Іуэху псори ягъэува графикым тету йокІуэкІ. Иджырей технологиехэм тету икІи материал нэхъыфІ дыдэхэр къагъэсэбэпурэ ящІа, метр зэбгъузэнатІэ мини 3-м щІигъу къызэрыкІ ухуэныгъэм и щхьэр телъхьэныр нагъэблэгъащ, и кІуэцІри и щІыбри къращІыкІ, пщІантІэр зэІузэпэщ ящІ. Мыгувэу видеокамерэхэмрэ мафІэсым зыщыхъумэнымкІэ Іэмэпсымэхэмрэягъэувынущ. УхуакІуэхэм къалэн щащІащ члисэр чристэнхэм я махуэшхуэ нэхъыщхьэм - ІутІыжым - ирихьэлІэу хьэзыр ящІыну. А махуэшхуэр мы гъэм накъыгъэм и 1-м тохуэ.

КъБР-м и Іэтащхьэр ухуэныгъэм щеплъым абы щІыгъуащ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, Налшык къалэм и администрацэм и унафэщІхэр.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.***

• **КъБР-м и Парламентым**

## Зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэ сабийхэр зэрырагъаджэ щІыкІэр зэпкърахащ

**КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмкlэ, щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ и комитетымрэ Социальнэ политикэмкlэ, лэжьыгъэмкlэ, узыншагъэр хъумэнымкlэ и комитетымрэ иджыблагъэ къызэрагъэпэща зэlущlэшхуэр зытеухуауэ щытар зи узыншагъэр зэкlэлъымыкlуэ, апхуэдэу ныкъуэдыкъуагъэ зиlэ сабийхэр зэрырагъаджэм пыщlа lуэхухэрщ. Псалъэмакъым кърихьэлlащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, министерствэхэм, ведомствэхэм, республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ егъэджэныгъэмкlэ я управленэхэм я лlыкlуэхэр, сабий ныкъуэдыкъуэхэр щрагъаджэ школхэм я унафэщlхэр, КъБР-м и Парламентым и деж щыlэ Щlалэгъуалэ палатэм хэтхэр.**

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ** зэрыжиІамкІэ, зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэ сабийхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным пыщІа Іуэхухэр зэблэзыгъэкІ хабзэ мардэхэр ди деж щызэтеувауэ къэплъытэ хъунущ. 2008 гъэм Урысей Федерацэм Іэ щІидзащ икІи 2012 гъэм щегъэжьауэ закон къару иритащ Ныкъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэмкІэ конвенцэм. Абы къегъэлъагъуэ ныкъуэдыкъуэхэм я экономикэ, социальнэ, юридическэ хуитыныгъэхэмкІэ, апхуэдэу щІэныгъэ зэгъэгъуэтынымкІэ дунейпсо пщалъэхэр ди деж щызэтригъэувэну къэралыр зэрыхьэзырыр. Мы документым къызэригъэувым тету, Урысей Федерацэм къыщащтащ ныкъуэдыкъуэхэм жылагъуэ гъащІэм хэтын, лэжьэн, еджэн папщІэ зыхуеину Іэмал псори къахузэгъэпэщынымкІэ 2011 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа къэрал программэ. Адрей Іуэху псоми къадэкІуэу, абы къыщыгъэлъэгъуащ зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэ сабийхэр еджэнымкІэ Іэмалхэр зэтегъэувэн зэрыхуейр.

- Апхуэдэу зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэхэмрэ ныкъуэдыкъуагъэ зиІэ сабийхэмрэ гъащІэм хэгъэзэгъэнымкІэ, ахэр еджапІэхэм зэрыкІуэну, курыт щІэныгъэ зэрызрагъэгъуэтыну Іэмалхэр зэтегъэувэнымкІэ шэсыпІэхэр щыубзыхуащ «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэр къызэрыщызэрагъэпэщам и ІуэхукІэ» Федеральнэ законымрэ «Егъэджэныгъэм и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законымрэ.

Апхуэдэу щыт пэтми, зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэ сабийхэр егъэджэнымрэ ахэр гъащІэм хэгъэзэгъэнымкІэ лэжьыпхъэу щыІэхэр иджыри мащІэкъым. Гукъеуэщ зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэхэм я Іуэхум тегузэвыхьхэр зэрымащІэр. Апхуэдэу сабий нэхъ зызыужьыгъуейхэмрэ щыцІыкІум щыщІэдзауэ зэфІэкІ ябгъэдэлъу къэтэджхэмрэ зэщІыгъуу зэрырагъаджэр мытэмэму къэзылъытэхэри мащІэкъым. А псори узэгупсысын Іуэхущ. Ди гущІэгъумрэ гулъытэмрэ зэтегъэувэным иджыри зэман куэд ихьыну къыщІэкІынщ.

Апхуэдэу иджыпсту япэ игъэщыпхъэхэм ящыщщ зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэхэм школхэм хуиту къыщакІухьын, щІыхьэн, къыщІэкІыжын, адрей сабийхэм тэмэму яхэтын папщІэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІыныр. ЗэкІэ зэрытлъагъущи, а къалэныр иджыри школ псоми нэгъэсауэ къащыгурыІуакъым, - къыхигъэщхьэхукІащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Инжыжокъуэ Сэфарбий** ищІа докладым къыщигъэлъэгъуащ зи ныбжьыр илъэс 18 иримыкъуа сабийуэ зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэхэр 6306-рэ зэрыхъур, абыхэм ящыщу 2927-м ныкъуэдыкъуагъэ зэраІэр. А псоми ящыщу 4351-р школакІуэ ныбжьым итщ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, республикэм и щІыналъэм ис сабийхэм я процентри 2-р хэхауэ егъэджэн, защІэгъэкъуэн хуейуэ къабжащ. Абыхэм щІэныгъэ тэмэм зрагъэгъуэтынымкІэ яІэ хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр къагъэсэбэп. Ахэр школ пыухыкІахэм я класс щхьэхуэхэм, интернат школ хэхахэм, къызэрыгуэкІ курыт школхэм щрагъаджэ е иджырей Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэпурэ унэм зэрыщІэсу абыхэм щІэныгъэ ирагъэгъуэт.

Зи гугъу ящІа гупым хиубыдэ сабийхэм щІэныгъэ щрагъэгъуэт интернат хэхауэ 3-м, хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэмрэ сабий куэд зиІэ унагъуэхэмрэ папщІэ интернатым и класс щхьэхуэхэм.

Доклад зыщІам къызэригъэлъэгъуамкІэ, сабийхэр апхуэдэ интернат школ хэхахэм зыгъакІуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэрщ. Ауэ абыкІэ арэзыуэ щытын хуейщ адэ-анэхэр е сабийр зэзышэлІэжахэр. Апхуэдэу сабийр еджапІэ хэхам гъэкІуэн зэрыхуеймкІэ заключенэ етх психологхэр, медицинэм и лэжьакІуэхэр, егъэджакІуэхэр зыхэт республикэ комиссэм. Апхуэдэ хабзэм тету 2015 - 2016 гъэ еджэгъуэм интернат школ хэхахэм зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэ сабийуэ 91-рэ ягъэкІуащ.

*(КІэухыр 2-нэ нап.).*

• **Мэлыжьыхьым и 12-р Космонавтикэм и махуэщ**



## КІэи гъуни зимыІэ

**Дунейм къызэрытехъуэрэ цІыхухэм я плъапІэщ хьэршыр. АрщхьэкІэ илъэс мин ІэджэкІэ зыкъаужьын хуей хъуащ я хъуэпсапІэм ухуэзышэ гъуэгур къызэІуахын папщІэ. Ар къыщыхъуари ХХ лІэщІыгъуэрщ. БлэкІа илъэсищэр тхыдэм къызэрыхэнар екІуэкІа дунейпсо зауитІым, уеблэмэ, Октябрь революцэм, дунейр зыгъэзджызджа нэгъуэщІ Іуэхушхуэхэм я закъуэ я лъэхъэнэукъым. А зэманым къагупсысащ радиор, авиацэр, Іэмэпсымэ телъыджэ куэд. Ауэ ехъулІэныгъэшхуэ дыдэми, ахэр йофэгъуэкІ зихуэдэ щымыІэу яча лъэбакъуэ иным - япэ дыдэу хьэршым зэрылъэІэсам.**

АР ЗЫХУЗЭФІЭКІАРИ дакъыкІэрыхуауэ, езыхэм зыкІи дапэмыхъуну къызыфІэщІыж американхэртэкъым, атІэ дэ псори дызэрыгушхуэу щыта Совет Союзырт. Иджы уэгу жыжьэр къэгъэІурыщІэнымкІэ дяпэкІэ сыт имыщІами, США-р етІуанэу къэнэжынут, щІэдзапІэр зеинур СССР-рт.

Нэхъапэм къэрал унафэщІхэм щІэныгъэм зегъэужьыным гулъытэ ин дыдэ хуащІу зэрыщытам, ди еджагъэшхуэ акъылыфІэхэм, псом хуэмыдэу космос кхъухьым и конструктор нэхъыщхьэ Королёв Сергей, ар я фІыгъэт.

И унэцІэр ябзыщІырти (къэрал щэхут), ар Гагарин Юрий хуэдэу цІэрыІуэ щыхъуар лІа иужьщ. Ауэ абы ди хэку космонавтикэр зэфІэгъэувэнымкІэ зэфІигъэкІа лэжьыгъэр гъунапкъэншэщ. ЩІыпІэ пхыдзам къыщалъхуа Королёвыр щІалэ дыдэу кхъухьлъатэ лІэужьыгъуэщІэ къигупсысауэ, иджы хьэршым ехьэлІа Іуэхухэм елэжьырт. АрщхьэкІэ «троцкист зэгухьэныгъэм хэту» пцІы тралъхьэщ, ягъэкъуаншэри, илъэсипщІ телъу Магадан яшащ. Абы щишэчащ цІыхум и фэм дэмыхуэн хуэдиз гугъуехьхэр. ГъэщІэгъуэнщ, ауэ къыкІэлъызэрахьа лейм щхьэкІэ Королёв Сергей къэралым гузэрыдзэ хуищІакъым, атІэ къаруущІэкІэ пэрыхьэжащ къызыхуалъхуа Іуэхум. Еджагъэшхуэ нэхъыфІхэр зэхуишэсащ, и кІэлъыплъыныгъэм щІэту Байконурыр иригъэухуащ. ИкІи ехъулІэныгъэхэм заІэжьакъым. 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м яутІыпщащ ЩІым и япэ спутник ІэрыщІыр (СССР-р сыт щыгъуи япэт), хьэхэр зэкІэлъхьэужьу космосым ягъэлъэтащ, абыхэм ящыщу, тІум псэууэ къагъэзэжащ. Арати, Гагарин Юрий и вагъуэр къыщІэкІащ. АдэкІэ чэзур къылъысащ япэ цІыхубз-космонавт Терешковэ Валентинэ, кхъухьым икІыу япэу хьэрш зэІухам хыхьа Леонов Алексей, гуп-гупу уэгу жыжьэм щыІа космонавтхэм. Куэд мэхъу а ехъулІэныгъэхэр. А псом хэлІыфІыхьари Королёв Сергейщ. Хунэсакъым (къигъэщІар илъэс 59-рэ къудейщ) армыхъумэ, Мазэми, уеблэмэ, иужькІэ Марсми, цІыху игъэкІуэну зигъэхьэзырырт. Мис а псори пыщІащ Космонавтикэм и махуэу нобэ дгъэлъапІэм.

АрщхьэкІэ нобэр къыздэсым куэдым тэмэму къагурыІуэркъым апхуэдиз къару зрахьэлІэ хьэршыр къэгъэІурыщІэным и мыхьэнэр. «Сыт дэ космосыр зэрытщІынур? Сыт лейуэ апхуэдиз ахъшэ щІиткъухьыр зыми щымыщу?» - щІоупщІэ ахэр. Ауэ абы и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэн хуэдизщ. Хьэршым ит спутниккхэр я гъуэгугъэлъагъуэщ кхъухьлъатэхэм, арыншамэ, ахэр «нэфщ». Телевиденэр лэжьэнукъым, дунейм и щытыкІэнур тэмэму къахуэщІэнукъым, Зыхъумэжыныгъэ ІэнатІэм, нэгъуэщІхэм щагъэзащІэ къалэнхэм я гугъу тщІыххэнкъым.

Зэман гъунэгъум Урысейм и мурадщ Мазэм лэжьыгъэшхуэ щригъэкІуэкІыну, США-ми хуэдэу, ди къэралми зегъэхьэзыр ди гъунэгъу Марс планетэм цІыху игъэкІуэну (апхуэдэ щІыхь зылъысынур зэкІэ школым щеджэу къыщІэкІынущ). ГугъапІэхэр инщ!

**ШАЛ Мухьэмэд.**

• Дыгъуасэ

## Адыгэ ныпым и махуэр зэрырагъэкІуэкІынум теухуауэ

**Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, Адыгэ Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуІу советым я лъэІукІэ, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд КъБР-м и Правительствэм и Унэм зэІущІэ щригъэкІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ Адыгэ ныпым и махуэр мэлыжьыхьым и 25-м ди республикэм зэрыщагъэлъэпІэнум.**

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и жэрдэмкІэ 2010 гъэ лъандэрэ Адыгэ ныпым и махуэр зэраІэтым хуэдэу, мы гъэми екІуу къызэрагъэпэщынущ. БлэкІа илъэсхэм мы махуэ лъапІэм дунейпсо мыхьэнэ иІэ зэрыхъуамрэ щІалэгъуалэм я гупыжымрэ къалъытэри, къулыкъущІэхэр зэгурыІуащ республикэм и район псоми нэсу машинэкІэ бэракъыр кърахьэкІыныр екІуу къызэрагъэпэщыну. Ахэр Налшык къэсыжмэ, Абхъазым и утыкум махуэшхуэ концерт щекІуэкІынущ, джэгу щызэхашэнущ, Адыгэ ныпым и мыхьэнэм, абы къежьапІэ хуэхъуам теухуа псалъэмакъ щхьэпи щызэхахынущ.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд гуфІэгъуэ махуэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщынымкІэ, егъэкІуэкІынымкІэ щІапхъэхэр я пщэ дилъхьащ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ІуэхущІапІэхэмрэ.

ЗэІущІэм хэтащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, КъАХ-м и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд**, Адыгэ Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуІу советым и унафэщІ **Къалмыкъ Жылэбий**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, КъБР-м Граждан жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ и управленэм и унафэщІ **КІурашын Анзор** сымэ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

## НОБЭ

♦**Авиацэмрэ космонавтикэмрэ я дунейпсо махуэщ**. 1961 гъэм Гагарин Юрий «Восток» кхъухьым ису дунейм щыяпэу хьэршым лъэтащ.

♦**1606 гъэм** пащтыхь Яков Езанэм Инджылызымрэ Шотландиемрэ я къэрал ныпыр къэщтэным теухуа унафэ ищІащ. Иджы ар Великобританием и къэрал бэракъщ.

♦**1633 гъэм** Италием щыщ физик, астроном Галилей Галилео и судыр Рим ящІэн щыщІадзащ. Ар ягъэкъуаншэрт Коперник Николай и Іуэху еплъыкІэхэр, Дыгъэм и хъуреягъыр ЩІым зы илъэсым къриубыдэу къызэрикІухьым теухуахэр, зэрыдиІыгъамкІэ.

♦**1861 гъэм** Урысейм и пащтыхь Александр ЕтІуанэм унафэ къыдигъэкІащ лэжьакІуэхэм папщІэ сымаджэщ Санкт-Петербург къыщызэІухыным теухуауэ.

♦**1861 гъэм** США-м Граждан зауэм, «Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ яку къыдэхъуа зауэ» зыфІащам, щыщІидзащ.

♦Урыс лъэпкъ театрыр зэфІэувэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа драматург цІэрыІуэ, Петербург щІэныгъэхэмкІэ и академием и член-корреспонденту щыта, пьесэ щэ ныкъуэм щІигъу зи Іэдакъэм къыщІэкІа **Островский Александр** къызэралъхурэ илъэси 193-рэ ирокъу.

♦Урысей империем и щІыналъэ зыбжанэм я губернатору, къэралым и Министрхэм я Советым и иужьрей унафэщІу щыта **Голицын Николай** къызэралъхурэ илъэси 166-рэ ирокъу.

♦Урыс революционер, Ленин Владимир и къуэш нэхъыжь **Ульянов Александр** къызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирокъу.

♦Актёр, СССР-м и цІыхубэ артист, РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Копелян Ефим** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Публицист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІумыхъу Жылэбий** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ-уэрэдус **Дербенёв Леонид** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Испанием щыщ оперэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, къэрал куэдым я дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэща **Кабалье Монсеррат** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, публицист **Къущхьэунэ Алексей** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Эстрадэм и актёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Гальцев Юрий** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦УФ-м атлетикэ псынщІэмкІэ щІыхь зиІэ и мастер, къэралым а спорт лІэужьыгъуэмкІэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ, Олимп чемпион **Борзаковский Юрий** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Гъусэ ямыщІынум блэкІ пэт йоджэ.**

## ЩІыпІэхэр ягъэкъабзэ, зэлъыІуах

• Щlыхьэхухэр



**Нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным теухуа республикэ Іуэхугъуэхэм хыхьэу, щэбэт кІуам, мэлыжьыхьым и 9-м, къалэпсо щІыхьэху екІуэкІащ. Хабзэ хъуауэ, илъэс къэс къыхалъхьэ а Іуэху щхьэпэм хэтащ министерствэхэм, ведомствэхэм, ІэнатІэ, организацэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэхэр, жэрдэмщІакІуэхэр.**

РЕСПУБЛИКЭМ и щыхьэрыр зэІузэпэщ щІыным жьыуэ щІадзэри, шэджагъуэ нэужьым ирихьэлІэу щхьэж ирагъэбыдылІа щІыпІэхэр зыхуей хуагъэзащ, Налшык псыхъуэмрэ къалэ паркымрэ ягъэкъэбзащ. Администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и департаментым зэриубзыхуам тету, хэкІуэда лІыхъужьхэм я фэеплъым и Іэшэлъашэр зэлъыІуахащ. Муниципальнэ еджапІэ №№1-м, 7-м щыщхэм пхъэнкІийр зэщІакъуащ, фэеплъыр ялащ. А Іуэхум хэтащ егъэджакІуэрэ еджакІуэу 150-рэ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и лэжьакІуэхэм я махуэ улахуэр нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэнымкІэ фондым халъхьащ.

КъБР-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм и пресс-ІуэхущІапІэм и унафэщІ Шакъ Заринэ къызэрыджиІамкІэ, щІыпІэхэр гъэкъэбзэным, зэІузэпэщ щІыным, щхъуантІагъэхэр хэсэным теухуа къалэпсо щІыхьэхум я лэжьакІуэхэри жыджэру хэтащ. Абыхэм Профсоюзнэ уэрамым и лъабжьэм къыщыщІэдзауэ «Сосрыкъуэ» хьэщІэщ комплексым нэсыху ягъэкъэбзащ, кІэрыхубжьэрыхуу кубометр 15 зэщІакъуэри, Іурагъэшащ.

Бахъсэндэсхэри хуэмыхуакъым, махуэ уэфІыр къагъэсэбэпри, къалэпсо щІыхьэху ирагъэкІуэкІащ. ЩІымахуэ лъэхъэнэмрэ гъатхэпэ мазэмрэ зэтрихьа пхъэнкІийр зэщІакъуэным, щІыпІэхэр, пщІантІэхэр гъэкъэбзэным, гъэдэхэным и Іуэхум администрацэм и ІэщІагъэлІхэр, школакІуэхэр я гуапэу икІи зэхьэзэхуэу хэтащ.

ЩІыпІэ администрацэм и пресс-ІуэхущІапІэм и унафэщІ Балъкъыз Іэминэ къызэригъэлъэгъуамкІэ, мэлыжьыхьым и 23-м къыхалъхьэну щэбэт щІыхьэхум, зэрыжаІэу, инри цІыкІури хэтынущ. «Къалэ къабзэ, Бахъсэн къабзэ!» къыхуеджэныгъэм щІэту, уэрам нэхъыщхьэхэр зэлъыІуахынущ, зэІузэпэщ ящІынущ, губгъуэхэм пхъэнкІиймрэ кІэрыхубжьэрыхухэмрэ щызэщІакъуэнущ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

*Сурэтхэр* **Елъкъэн Артур** *трихащ.*



• Футбол

## «Ангушт» (Нэзрэн) - «Спартак-Налшык» - 0:0

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ дыгъуасэ Налшык и «Спартак» стадионым щекІуэкІа зэІущІэм апхуэдэ бжыгъэр кърикІуащ.

«Ангушт»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэІущІэр зэрекІуэкІамрэ зи чэзу джэгугъуэм и ужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

**«2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм иIа щытыкIэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и докладым теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм иIа щытыкIэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и докладыр дэIыгъын.
2. «2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм иIа щытыкIэм и Iуэхукlэ» докладыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и официальнэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм гъатхэпэм и 31-м*
*№458-П-П*

**Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2015 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм ищIа докладым и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2015 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Ромашкин И. К. ищIа докладым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2015 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм ищIа докладыр къэлъытэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм гъатхэпэм и 31-м*
*№459-П-П*

**2015 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм ищIа докладым и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2015 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Зумакулов Б. М. ищIа докладым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

2015 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм ищIа докладыр къэлъытэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм гъатхэпэм и 31-м*
*№460-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм 2015 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа отчетым и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм 2015 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа отчетым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм 2015 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа отчетыр къэлъытэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016гъэм гъатхэпэм и 31-м*
*№461-П-П*

# МФЦ-м фыувыну фыхуеймэ

КъБР-м Къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкlэ къалэн куэд зыгъэзащIэ и центрым щылэжьэнухэр егугъуу къыхах. ЛэжьакIуэхэм я щIэныгъэм елъытащ IуэхущIапIэр и къалэнхэм зэрыпэлъэщынур. МФЦ-м щылэжьэнур къыщыхахкIэ, япэ ирагъэщ зыхуеджам зы илъэскIэ е нэхъыбэкIэ ирилэжьахэр. Абыхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэн хуейщ «Юриспруденция», «Экономика», «Экономика и управление на предприятии», «Бухгалтерский учёт, анализ и аудит», «Налоги и налогообложение», «Финансы и кредит», «Менеджмент», «Менеджмент организации», «Государственное и муниципальное управление», «Землеустройство», «Землеустройство и кадастры», «Экспертиза и управление недвижимостью», «Социальная работа» IэщIагъэхэм языхэзымкIэ.

МФЦ-м и унафэщIхэм гулъытэ хуащI зи узыншагъэкIэ сэкъат зиIэхэм ящыщхэм Iэнатlэ иратынми. Къапщтэмэ, нықъуэдыкъуагъэ яIэу абы щолажьэ цIыхуи 10.

МФЦ-м лэжьапIэ къащтэнухэр зэпеуэкIэ къыхах. Я щIэныгъэр, компьютеркIэ псынщIэу тхыгъэ традзэным зэрыпэлъэщыр ягъэунэхуа нэужьщ къыщыхахыр, ахэр езы центрым щрагъэджэж.

Зэпеуэм теухуа хъыбар итщ мфцкбр.рф сайтым и «Вакансия» Iыхьэм. IуэхущIапIэм дэфтэрхэр ебгъэхь хъунущ зэпеуэ зэрыщыIэмкIэ хъыбар къата нэужь.

**КIЭНЦIЭЛИЙ Э.**
*КъБР-м Къалэн куэд зыгъэзащIэ и центрым и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэр зэрырагъаджэ щIыкIэр зэпкърахащ


Инжыжокъуэ Сэфарбий

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Апхуэдэу сабийхэм мы зэманым республикэм и курыт еджапIэу 144-рэ ядолажьэ, класс хэхауи 14 щыIэщ икIи абыхэм сабии 193-рэ щоджэ. А школ псоми лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэхэр адрей сабийхэм къазэрыкIэрымыхун Iэмалхэр зэтегъэувэным хуэгъэзауэ. Абы теухуа къэрал программэр гъэзэщIэным федеральнэ, республикэ, муниципальнэ бюджетхэм я ахъшэу 2011 - 2015 гъэхэм къаутIыпща сом мелуани 123-м нэблагъэр псори къагъэсэбэпащ.

Апхуэдэу иджырей техническэ Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ я унэм щIэсу ирагъаджэ сабий нықъуэдыкъуэу 258-рэ. Курыт еджапIэу 25-м логопед кабинетхэр щыIэщ икIи ахэр тэмэму мыпсэлъэф сабийуэ 1162-м ядолажьэ.

**Инжыжокъуэ Сэфарбий** гурыIуэгъуэу тепсэлъыхьащ зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэмрэ нықъуэдыкъуагъэ зиIэ ныбжьыщIэхэмрэ зэрадэлажьэ щIыкIэм теухуауэ егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм зэрыхагъахъуэм.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Къэшэж Iэнисэт** къихьа бжыгъэхэр щыхьэт тохъуэ сабий дэгухэр е зи тхьэкIумэр жьажьэ сабийхэр зэпымыууэ нэхъыбэ зэрыхъум. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» къэрал IуэхущIапIэм зыхуэфащэ и къудамэм зи ныбжьыр илъэс 17-м фIэмыкIа апхуэдэ сабийуэ 2016 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу учётым 305-рэ щытащ. Абыхэм яхэтащ зэрызэхамыхым къыхэкIыу бзагуэу екIуэкIа, кохлеар имплантант къагъэсэбэпу операцэ ящIа сабий 60. Апхуэдэ сабийхэр псалъэу ирагъэсэн папщIэ зэман кIыхь хуейщ. Ауэ а лэжьыгъэр ди деж иджыри тэмэму щызэтегъэувакъым.

- Зи гугъу тщIы сабийхэр зэрырагъаджэ системэр зэманым къигъэувхэм нэгъэсауэ къезэгъыркъым. ЦIыкIухэр зэрырагъэджэну программэр къызэрыхэхыпхьэр абыхэм ящыщ дэтхэнэри зэрыпсэлъэфым елъытауэщ. Абы къыхэкIыу апхуэдэ сабийхэр здэгъэкIуэн хуейр я бзэр зэтеувэн папщIэ зыхуэфащэ Iэмалхэр здэщыIэ сабий садхэмрэ школхэмрэщ. Ауэ иджыпсту сурдопедагогхэмрэ логопедхэмрэ зиIэ икIи адрей зыхуей псомкIи къызэгъэпэща сабий сад е школ республикэм щыIэкъым. Абы къыдэкIуэу жыIэпхъэщ республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм щыпсэу сабийхэр сурдологиемкIэ IэщIагъэлIхэм я деж зэпымыууэ къазэрыхуэмышэр, - къигъэлъэгъуащ Къэшэж Iэнисэт.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, кохлеар имплантант къагъэсэбэпурэ ящI операцэхэр сабийм и ныбжьыр зы илъэсым щыфIэмыкIам деж нэхъ тэмэму йокIуэкI. Абы къыхэкIыу егупсысыпхъэщ зи тхьэкIумэм зэхимых сабийхэр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ пасэу наIуэ къэщIыным.

Зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэм зэрадэIэпыкъу щIыкIэмкIэ, абыхэм зэрадэлэжьэн хуейхэмкIэ чэнджэщхэр зэхэзылъхьэр «Психолого-медицинэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ республикэ центр» къэрал IуэхущIапIэрщ. Абы и унафэщI **Къармэ Инессэ** зэрыжиIамкIэ, мы IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэм я къалэн нэхъыщхьэр сабий нықъуэдыкъуэхэр щыцIыкIум щегъэжьауэ гъащIэм хэгъэзэгъэнырщ, ахэр псэунымкIэ, еджэнымкIэ иджырей методикэхэр зи лъабжьэ Iэмалхэр къызэгъэпэщынырщ. И зэманым апхуэдэ Iэмалхэр къагъэсэбэпынымкIэ экспертхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ сэбэпышхуэ хъуфынущ.

Зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэр щрагъаджэ интернат школ №3-м и унафэщI **Колесниковэ Иринэ** зэIущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ а IуэхущIапIэм зэфIигъэкIхэм икIи иджыпсту мы IэнатIэр нэхъ гугъу езыгъэхьу щыIэ Iуэхухэр утыку кърилъхьащ.

ЗэIущIэм хэтахэр зэчэнджэщащ зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэмрэ сабий нықъуэдыкъуэхэмрэ гъащIэм хэгъэзэгъэнымкIэ, абыхэм щIэныгъэ тэмэм егъэгъуэтынымкIэ ди щIыналъэм щызэфIагъэкIыфынухэм ятеухуауэ. Апхуэдэу къыхагъэщхьэхукIащ зытепсэлъыхьа гупхэм хиубыдэхэм еджапIэхэр къыщаухкIэ экзаменхэр къызэрыIахын хуей щIыкIэм, абыхэм IэщIагъэ зэрырагъэгъуэтым, лэжьапIэкIэ къызэрызэрагъэпэщым.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** щIэупщIащ нықъуэдыкъуэхэр гъащIэм хэгъэзэгъэнымкIэ 2016 - 2021 гъэхэм ятещIыхьа къэрал программэр КъБР-м нобэм ирихьэлIэу къыщIыщамыщтам и щхьэусыгъуэм. Абы и жэуапу КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм социальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ и департаментым и унафэщI **Къумыкъу Аслъэн** зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ мы программэр пхыгъэкIыным хуэгъэзауэ ялэжьхэм икIи быдэу жиIащ зэман гъунэгъум къриубыдэу Iуэхум унафэ пыухыкIа зэриIэнур.

Егоровэ Татьянэ зэIущIэм хэтахэм гу лъаригъэтащ зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэм щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэ хэхахэр къэзыуххэр гъащIэм хэгъэзэгъэным егугъун, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми гулъытэ нэс игъуэтын зэрыхуейм. Спикерым къызэрилъытэмкIэ, нықъуэдыкъуагъэ зиIэ псори щыгъуазэ щIыпхъэщ еджэнымкIэ, IэщIагъэ зэгъэгъуэтынымрэ абы ирилэжьэнымкIэ щыIэ щапхъэ нэхъыфIхэм.

КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI **Къардэн Мурат** зэIущIэм щыжиIащ зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэр псыхьынымкIэ, ахэр спортым хэшэнымкIэ республикэм Iэмал хъарзынэхэр зэрыщыIэм. 2014 гъэм къызэIуахащ нықъуэдыкъуэхэм я узыншагъэр зэтегъэувэжыным телажьэ сабий-ныбжьыщIэ школ щхьэхуэ. Ауэ абы къит зэфIэкI псори тэмэму къагъэсэбэпа хъун папщIэ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэми илэжьыпхъэхэр мащIэкъым.

Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ Iуэгъуз Светланэ къыхигъэщхьэхукIащ министерствэ зэмылIэужьыгъуэхэм къат бжыгъэхэр щызэтемыхуэ куэдрэ къызэрыхъум икIи зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэм я учёт щхьэхуэ къызэрагъэпэщыну, ар тхынымкIэ жэуап зыхь органри яубзыхуну къыхилъхьащ.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм зэакъылэгъуу къагъэлъэгъуащ зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэхэм хуащIэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэIэтыным хуэгъэзауэ медицинэм, егъэджэныгъэм я IуэхущIапIэхэм, узыншагъэр зэтегъэувэжыным пыщIа IэнатIэхэм я зэфIэкIыр зэгъэуIупхъэу, мы Iуэхум жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, адэ-анэхэр къыхэшэн хуейуэ зэрыщытыр. Дэтхэнэ сабийми и къэкIуэнур куэдкIэ елъытащ и зэманым абы игъуэт гулъытэмрэ дэIэпыкъуныгъэмрэ.

А псоми къадэкIуэу зэIущIэм щаубзыхуащ икIэщIыпIэкIэ гъэзэщIэн хуей къалэнхэр, зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэр зэрырагъаджэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ КъБР-м и къэрал властым и органхэм ират чэнджэщхэр.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*



# ЗэгурыIуэм нэхъыфI щыIэкъым

● Зэхуэс

**«Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм иджыблагъэ журналистхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ щызэIущIащ. КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ полицэм и полковник Тату Къазбэчрэ КъБР-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и министр Къуэшрокъуэ Залымрэ жэуап иратащ журналистхэр зыщIэупщIахэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, лъэныкъуитIри нэхъыщхьэу къызытеувыIар цIыхур щIэпхъаджагъэм хуэзышэ щхьэусыгъуэхэрщ, республикэм абы и лъэныкъуэкIэ и Iуэхур зытетырщ.**

ТАТУ Къазбэч къыхигъэщащ республикэм иужьрей илъэсхэм щIэпхъаджащIэхэр нэхъ мащIэ зэрыщыхъуар, ауэ иджыри хабзэм къемызэгъыу IэщэкIэ зэщIэузэда гуп зэхуэмыдэхэм щIалэгъуалэр хашэным теухуауэ Iуэхугъуэ гуэрхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр. Апхуэдэ Iэмалу щIэпхъаджащIэхэм нэхъыбэрэ къагъэсэбэпыр Интернетым щылажьэ соцсетхэрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу ИГИЛ-м и лъэныкъуэу Сирием щызауэхэм я бжыгъэм и гугъу щищIым, Къазбэч къыхигъэщащ: «Террорист зэгухьэныгъэхэм хэту Сирием и дзэ зэщIэузэдахэм япэщIэтщ ди республикэм щыщ цIыхуи 130-м нэблагъэ. Абыхэм яхэтщ зи цIэ-унэцIэхэр тщIэи дымыщIи. Я нэхъыбэр налшыкдэсщ - цIыху 45-рэ мэхъу, 60-м ехьэлIауэ уголовнэ Iуэхухэр къэтIэтащ, мы зэманым ахэр къалъыхъуэ. ЦIыхуи 130-м щыщу 28-р цIыхубзщ. КъызэрытпщытамкIэ, абыхэм яхэтщ балигъыпIэ нэмысахэр, щIэпхъаджащIэхэм я щхьэгъусэхэр, дин нэпцIым дихьэхахэр».

КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэм жиIащ Сирием зэуэну кIуэну зызыгъэхьэзыра цIыху 11 республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм къызэрагъэувыIар. Къэралым икIауэ, ауэ зауэм хэмыхьауэ щIыналъэм къэзыгъэзэжа, Бахъсэн районым щыщ зы щIалэм Iэмал иратащ мамыр гъащIэм хэзэгъэжыну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ 2005 гъэм и жэпуэгъуэм Налшык къалэ къытеуауэ щытахэм я судыр зэращIами, террористхэм щIахыхьэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэми, ахэр жэуапым зэрырашалIэ щIыкIэми. КъытеувыIащ щхьэрыуа цIыхухэр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм дэлажьэ комиссэм и IуэхущIафэхэми.

Iуэхугъуэ щхьэхуэу зэIущIэм щызэпкърахащ лъэпкъ зэхэгъэж къыщIэхъу щхьэусыгъуэхэр. Апхуэдэу шэрджэс жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящыщ зым «Вконтакте» социальнэ сетым щригъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэхэм кърикIуам теухуауэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм упщIэ зыбжанэкIэ иджыблагъэ зыкъыхуигъэзащ: Зауэжьым хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ «ГъащIэм и жыгым» лъэпкъыр зыгъэикIэ псалъэхэр сыт щIытратхар?! Хэт адыгэхэм я бийр?! Интернетым пцIыIуэпцIышэу къратхэм властыр пэщIэтыфрэ? Тату Къазбэч жиIащ фэеплъхэр зэхэзытхыхьхэм, ахэр зыкъутэхэм цIыхугъэ лъэпкъ зэрахэмылъыр абыкIэ къагъэлъагъуэу зэрыарар, апхуэдэхэм тKIийуэ полицэр зэракIэлъыплъыр. Интернет шынагъуэншагъэм теухуауэ полковникым къыхигъэщащ къэралым и хабзэм пэщIэуэ Iуэхугъуэхэмрэ псалъэмакъхэмрэ ятеухуауэ сайтхэм щатххэм полицэр, техникэ Iэмал иIэхэр къигъэсэбэпу, зэрыкIэлъыплъыр, хъыбарыщIэ нэпцIхэм республикэм щыпсэухэр щахъумэнымкIэ лэжьыгъэ зэрырагъэкIуэкIыр.

Адыгэхэм я бийр хэт? Мы упщIэм къыщытеувыIэм, къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министрым и къуэдзэм къыхигъэщащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр яджынымкIэ, щэнхабзэм зрагъэужьынымкIэ, я хабзэ зэрахьэжынымкIэ псоми зэхуэдэ Iэмалхэр зэраIэр икIи зи гугъу ящI «бийм» хуэдэ мы зэманым щыIэу зэрыщымыгъуазэр. Апхуэдэуи абы и псалъэм дыщIигъуащ Iуэхугъуэ мышыухэм зыдрамыгъэхьэхыу, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лъэпкъым зэрыщхьэпэн гуэр ящIэмэ зэрынэхъыфIыр.

А упщIэ дыдэхэм Къуэшрокъуэ Залым жэуап щритым, журналистхэм яжриIащ Адыгэхэм я фэеплъыр щызэхатхыхьар (гъатхэпэм и 24-р) Балъкъэр лъэпкъым я къэщIэрэщIэжыгъуэ махуэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэIущIэшхуэ Налшык щекIуэкIынумрэ зэрырагъэхьэлIар, ар лъэпкъитIыр зэщагъэIеину зи мурадхэм зэращIар.

Министрым къыхигъэщащ: мы зэманым псоми я къалэн нэхъыщхьэу щытын хуейр лъэпкъхэм я хъугъуэфIыгъуэхэр яхъумэжынырщ, дин нэпцIымрэ наркоманиемрэ щIалэгъуалэр пэIэщIэ щIынырщ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтыр* **Толгуров Камал** *трихащ.*

# Залымыгъэм узэрыпэщIэтыну Iэмалхэр

**КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ, псапэ зыщIэ «Зыужьыныгъэ» фондым и унафэщI КIыщыкъуэ Иринэ и жэрдэмкIэ гъатхэпэм и кIэм ирагъэкIуэкIащ республикэ МВД-м балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэм я инспекторхэм, Урысей ФСИН-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм, школ-интернат №1-м и егъэджакIуэхэм папщIэ семинархэр.**



МЫ IУЭХУМ хэтыну кърагъэблэгъат Санкт-Петербург щыщ IэщIагъэлIхэр: медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, академик Павлов И. П. и цIэр зезыхьэ СПбГМУ-м педиатриемкIэ и кафедрэм и доцент, Санкт-Петербург щылажьэ «Врачи - детям» жылагъуэ организацэм и Iуэхур зэзыгъэуIу Суковатовэ Ольгэ, психолог Артоболевский Дмитрий.

Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ зыщагъэгъуэзащ цIыхубзхэм унагъуэм къащытехьэ лейм, ар къызыхэкIым, лей зезыхьамрэ лей зытехьамрэ я щытыкIэм къызэрикI щIыкIэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ психологхэм щIапхъэу къалъытэм.

Гулъытэ хэха хуащIу хэплъащ сабийхэм унэм лей къащытемыхьэнымрэ балигъхэм я зэхущытыкIэр мыщIагъуэмэ сабийм узэрыдэIэпыкъуфыну щIыкIэмрэ.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ залымыгъэр зыхуэмышэчыж цIыхубзым IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэр зэрыщIэу дэIэпыкъунымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм.

МахуитIкIэ екIуэкIа семинарым хэта псоми иратащ «Врачи - детям» IуэхущIапIэм и сертификат.

*Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и прокуратурэм

# ЩагъэзэщIэн хуей пIалъэхэр яубзыху

**КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур коррупцэм пэщIэтынымкIэ IуэхущIапIэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы нэгъабэ зэфIагъэкIахэр щызэхалъхьэжащ, апхуэдэу гъавэ щIапIэхэр коррупцэ хуэмэбжьымэхэм зэрыщахъумэм теухуауэ Федеральнэ антимонопольнэ IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм игъэхьэзыра докладым щедэIуащ.**

ХАБЗЭХЪУМЭ, кIэлъыплъакIуэ IэнатIэхэм хуагъэуващ мэкъумэш щIапIэхэр къызэрагъэсэбэпыр зэгъусэу къызэрапщытэну щIыкIэр ягъэбелджылыну, хъыбархэмкIэ зэрызэхъуажэ Iэмалхэр нэгъэсауэ къагъэсэбэпыну.

ЩыIэ лъэпощхьэпохэр зэпкъраха нэужь, мы гъэм зэуIуу зэфIагъэкIынухэмрэ ахэр щагъэзэщIэн хуей пIалъэхэмрэ яубзыхуащ.

ЦIыхухэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ зыфхудогъазэ коррупцэ хьэгъэщагъэ зэрахьэу гу лъыфтэмэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм икIэщIыпIэкIэ хъыбар евгъэщIэну:

КъБР-м щыIэ МВД-м (Налшык къалэ, Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрам, 10, телефонхэр: 02, 49-50-62), ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм (Налшык къалэ, Ленинын и цIэр зезыхьэ уэрам, 4, телефоныр: 48-15-81), УФ-м СледствэмкIэ и комитетым и щIыналъэ IуэхущIапIэм (Налшык къалэ, Ленинын и цIэр зезыхьэ уэрам, 36, телефоныр: 77-64-22), КъБР-м и прокуратурэм (Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрам, 16, зэпымыууэ лажьэ телефоныр: 8-928-083-02-80, дежурнэ прокурорым ейр: 40-45-51, электрон пощтыр: prokuror-kbr.ru).

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Ягъэдахэ, теплъафIэ ящI

● Налшык къалэ

**Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ зэIузэпэщыныгъэмкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI Казиев Магомед зэрыжиIамкIэ, гъатхэр къызэрыблагъэу розэ удз дахэ лIэужьыгъуэ нэхъыфIхэм хуэдэу 20-м щIигъу хэсэн щIадзащ.**

НАКЪЫГЪЭМ и кIэм ирихьэлIэу мин 19-м нэблагъэ ягъэтIысыну я мурадщ. Ленинын и цIэр зезыхьэ уэрамым тет «Урысей» хьэщIэщым и гупэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым деж, Ленинын и цIэр зезыхьэ, Осетинскэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм, Кулиевымрэ Мэлбахъуэмрэ я уэрамхэм щыIэ удз дахэ зехьапIэхэм мин 12-р щыхасащ. Апхуэдэу къалэ уэрамхэмрэ парк цIыкIухэмрэ бзииху, кIей, блашэ жыгыщIэхэр щагъэтIысынущ.

Жыгхэмрэ чыцэхэмрэ ухъуэнщIыныр щIыпIэхэр зэрагъэдахэ Iэмал нэхъыфIхэм ящыщщ. КъудамэщIэхэр къыдож, зэроубыд, абыхэм зауэжь, езы къэкIыгъэхэр теплъафIэ мэхъу, я пIалъэр имыкIыу, дапщэщи щIэщыгъуэщ. ЩIышылэ - гъатхэпэ мазэхэм къриубыдэу а щIыкIэм тету жыг щитхум нэблагъэ зыхуей хуагъэзащ. Метр 280 - 300-м апхуэдэ IэмалкIэ чыцэхэр щауXъуэнщIащ, хадэ цIыкIурэ паркыу гектарищым удзыжьхэмрэ щIэжхэмрэ щагъэкъэбзащ.

Газону метр зэбгъузэнатIэ 2500-рэ зэIузэпщ ящIащ, Къэбэрдей уэрамым тет «Родина» кинотеатрым и гупэм щыIэхэм ящыщ зыр зэрагъэпэщыжащ. ХьэпIацIэхэмрэ узхэмрэ щахъумэн папщIэ, гъатхэ лъэхъэнэм щхъуантIагъэхэм химие IэмалкIэ елэжьынущ, жыг хадэ цIыкIухэм я Iэшэлъашэми апхуэдэ лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIынущ.

*Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Яхуэмыгъэлажьэу щыт тыкуэн цIыкIухэр Iуахынущ

**Налшык и администрацэм щэхуакIуэ рынокымкIэ и управленэм къалэм щыIэ тыкуэн цIыкIухэр щIипщытыкIащ. КъызэрыщIагъэщамкIэ, киоскхэм ящыщу 118-м зыхуэфащэ документхэр яIэкъым.**

АДМИНИСТРАЦЭМ абыхэм зыбжанэрэ яхуитхащ 2016 гъэм гъатхэпэм и 1-м ирихьэлIэу абыхэм тэмэму зрагъэтхыжыну зэракъалэныр.

«Къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIам тыкуэн цIыкIухэм я нэхъыбапIэр зыIэщIэлъхэр къахуэгъуэтакъым. Адрейхэм иджыпсту зэгурыIуэныгъэхэр ет-щIылIэн папщIэ документхэр догъэхьэзыр», - жиIащ къалэ администрацэм щэхуакIуэ рынокымкIэ и управленэм и унафэщI Къущхьэ Мурат.

Зэхуэщlауэ щыт тыкуэн цIыкIухэр зейхэм Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм хъыбар ярегъащIэ апхуэдэ IуэхущIапIэу муниципальнэ мылъкум хиубыдэ щIыхэм тетхэр 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м щегъэжьауэ Iуахыу зэрыщIадзэнумкIэ. Абы къыхэкIыу киоскхэр зейхэм ахэр езыхэм Iуахыжмэ нэхъыфIщ.

ЗэIущIэхэр



ЗэIущIэр щекIуэкIым.

# Унагъуэм гулъытэншэ щыхъурэ IуэхущIапIэхэми пщIэ щыхуамыщIыжмэ

**Ди газетым зэрытетащи, Егъэджэнымрэ щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм епхауэ лажьэ Жылагъуэ советым и зэхуэс. Советым хэтхэм нэмыщI зэIущIэм кърагъэблэгъат республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, къулыкъущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, курыт школхэм анэдэлъхубзэр щезыгъэдж лэжьакIуэ пашэхэр. Апхуэдэхэт, къапщтэмэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, КъБКъУ-м урысыбзэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Башиевэ Светланэ, абы адыгэбзэмкIэ и кафедрэм и пашэ Къардэн Мусэдин, балъкъэрыбзэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Кетенчиев Мусса, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и къудамэхэм я унафэщIхэу, щIэныгъэ лэжьакIуэхэу БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис, Табыщ Мурат, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым и къудамэм и унафэщI Инчы Иринэ сымэ, нэгъуэщIхэри.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Жылагъуэ советым и унафэщI, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Абы къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я нэхъыщхьэр адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я анэдэлъхубзэхэр мы зэманым зэрыт щытыкIэр нэсу къэпщытэнырт. А Iуэхугъуэм теухуа доклад шэщIа ищIащ **Башиевэ Светланэ**. Университетым и IэщIагъэлIхэм анэдэлъхубзэхэмкIэ Налшык щрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэмрэ къэпщытэныгъэхэмрэ къырикIуа бжыгъэ хьэлэмэтхэр, Iуэху еплъыкIэхэр зи лъабжьэ докладыр купщIафIэт, нэщIысат. Къэбгъэлъагъуэмэ, я анэдэлъхубзэмкIэ псэлъэфыркъым къалащхьэм щыпсэу адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я Iыхьэ пщIанэр. Бзэр къагурыIуэркъым проценти 5-м щIигъум.

- Псори къыщежьэр унагъуэращ. Ди къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, адыгэ, балъкъэр къалэдэс унагъуэхэм ящыщу процент 20-м щIигъуращ я анэдэлъхубзэмкIэ унэм щызэпсалъэр. Урысыбзэ защIэкIэ унэм щызопсалъэ унагъуэхэм я процент 15-м щIигъур. Адрейхэм бзитIри (адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ е балъкъэрыбзэмрэ урысыбзэмрэ) къагъэсэбэп, - къыхигъэщащ Башиевэм. - Къуажэдэсхэми ящыщу процент 40-м нэсыр я анэдэлъхубзэмкIэ зопсалъэ, проценти 10-м щIигъум урысыбзэм нэхъ траухуэ, адрейхэм бзитIри зэдагъэлажьэ. Нэхъ шынагъуэжращи, адыгэхэми балъкъэрхэми мымащIэу яхэтщ урысыбзэр я анэдэлъхубзэу къэзылъытэхэр, ауэ щыхъукIи я адэ-анэхэр тIури адыгэу е тIури балъкъэру. Къэзылъхуахэм ящыщу зыр урыс лъэпкъым, адрейр адыгэу е балъкъэру щыт сабийхэм я процент 17-м нэсыр зэрыпсалъэр урысыбзэращ.

Унагъуэм къыщежьэ а Iуэху бгъэдыхьэкIэм, дауи, зыщеужь уэрамым, еджапIэм, лэжьапIэм. Анэдэлъхубзэхэр хъумэным и хэкIыпIэхэм я гугъу щищIым, Башиевэм къыхигъэщащ бзэр зэгъэщIэнымкIэ Интернетым и Iэмалхэр сэбэп зэрыхъур. Абы зи цIэ кърииIуа сайтхэм ящыщщ «Си бзэ», «Эльбрусоид» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

- Тхылъхэм игъащIэми мыхьэнэшхуэ щаIэт зи гугъу тщIы унэтIыныгъэм, арщхьэкIэ иджырей щIалэгъуалэр еджэным дихьэхыркъыми, нэгъуэщI хэкIыпIэхэр къэлъыхъуэн хуейщ, - жиIащ къэпсалъэм. - ИгъащIэми жаIэ: «Бзэр щыкIуэдыжынум деж лIыжьыбзэ мэхъу». Апхуэдэ шынагъуэ ди анэдэлъхубзэхэм къащхьэщымыхьэн щхьэкIэ, лъэпкъ цIыкIухэм ящыщу гурэ псэкIэ зыкъэзылъытэж дэтхэнэри егугъун хуейщ я анэбзэхэр хъумэным, ахэр къытщIэхъуэ щIэблэхэм яIурылъхьэным, абы и IэфIагъыр зыхащIэу быныр къэгъэтэджыным.

Башиевэм къыхилъхьа хэкIыпIэхэм ящыщщ адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ хъумэнымкIэ, адэкIи зегъэужьынымкIэ къэрал программэ хэхахэр зэхэлъхьэн, анэдэлъхубзэхэр сабий садхэм, курыт школхэм щегъэджыныр егъэфIэкIуэн, ахэр езыгъэджхэм я пщIэр жылагъуэм къыщыIэтын зэрыхуейм епхахэр, нэгъуэщIхэри.

Абы жиIахэм къыдыщIагъуу икIи докладыр къызэпкърахыу зэхуэсым къыщыпсалъащ цIыху зыбжанэ. **Къардэн Мусэдин** къытеувыIащ, къапщтэмэ, адыгэбзэр курыт школхэм я нэхъыбапIэм тэмэму зэрыщрамыгъэджым. И студентхэм ящыщу куэдым зэрыжаIэжамкIэ, адыгэбзэ урокхэр расписанэм нэхъ икIэIуэу ирагъэувэрти, школакIуэхэм ящыщу абыхэм кърихьэлIэр мащIэт. А тIэкIуми екIуу ядэмылэжьа яхэтщ ди егъэджакIуэхэм, абы къызэрыхигъэщамкIэ.

- Унагъуэм гулъытэншэ щыхъурэ гъэсапIэхэми еджапIэхэми пщIэ щыхуамыщIмэ, ахэращ бзэр кIуэдыжыным щIэдзапIэ хуэхъур, - жиIащ Къардэным. - Анэдэлъхубзэхэр хуэфэщэну зэрырагъэджым кIэлъыплъыным къыдэкIуэу, егъэджакIуэхэр къызэгъэпэщыпхъэщ методикэ литературэкIи тхылъхэмкIи. Абыхэм ярытыпхъэ тхыгъэхэри нэхъ тэмэму къыхэхыпхъэщ. Куэдрэ урохьэлIэ зэрырагъаджэ тхылъхэм жьы дыдэ хъуа псалъэхэр итрэ абыхэм къарыкIыр уеблэмэ псалъэгъэнахуэ псалъалъэхэми щумыгъуэту. Бзэр зызыужьу щыщыткIэ, къыхихьэ псалъэ псори абы имызэгъэнкIэ хъунущ. «Жираф»-р, «кокос»-р апхуэдэу кърензж - ар нэхъыфIщ, хуэмыкIуэ гуэр къэбгупсыс нэхърэ.

Кетенчиев Мусса къыщыпсалъэм, къызэхуэсахэр иджыри зэ иригъэгупсысащ сабийр къыщалъхуа дыдэм къыщыщIэдзауэ лъэпкъ гъэсэныгъэ егъэгъуэтын зэрыхуейм.

- Адыгэ е балъкъэр анэ дапщэу пIэрэ быным гущIэкъу уэрэдхэр анэдэлъхубзэкIэ яжезыIэр? Адэшхуэхэм, анэшхуэхэм куэд яхэт къуэрылъху-пхъурылъху цIыкIухэр лъэпкъ таурыхъхэм щIагъэдэIуу, хъыбарыжьхэр хуаIуэтэжу? Дэ, балигъхэм, бзэм пщIэрэ нэмысу хуэтщIым хуэдизщ (нэхъ мащIэнкIи хъунущ, иджырей гъащIэм къыхыхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэплъытэмэ) ди щIэблэм абы гулъытэу иратынур, - жиIащ абы.

АдэкIэ псалъэ иратащ **БищIо Борис**. Ар шэщIауэ тепсэлъыхьащ анэдэлъхубзэхэм епхауэ ди республикэм къыщацта хабзэхэм ящыщ куэд тхылъымпIэм ит къудейуэ къызэрынам. Абыхэм ящыщщ илъэс 20-м щIигъуауэ диIэ «КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуауэ» хабзэр, нэгъуэщIхэри.

- Куэд дыдэ щIакъым КъБР-м и Парламентым «Егъэджэныгъэм теухуауэ» хабзэр къызэрищтэрэ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, адыгэбзэр адыгэхэм ядж, балъкъэрыбзэр балъкъэрхэм ядж, адрейхэр - зэрыхуейщ. «КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуауэ» хабзэм зэритымкIэ, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ къэралыбзэхэу щытщи, республикэм и еджапIэ псоми щIэс дэтхэнэми иджын хуейщ. Ауэ щыхъукIэ, иджыблагъэ къащта хабзэм къегъэтIасхъэ ипэкIэ яубзыхуауэ щыта Iуэху еплъыкIэм и лъабжьэр. Ар дауэ? Зы хабзэм адрейр щIигъэбыдэурэ екIуэкIыным и пIэкIэ, зыр адрейм пэщIоувэ, - жиIащ БищIом. - Хабзэм зэритымкIэ, анэдэлъхубзэр лъэпкъ гъэсэныгъэм и Iэмал нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Дауэ пIэрэ абы и Iуэхур сабий гъэсапIэхэм зэрыщыгъэувар? БэкIэ дызыщыгугъ ди щIэблэм гъэсэныгъэр нэхъыбэу зэрыдрагъэкIуэкIыр урысыбзэрщ. АнэдэлъхубзэмкIэ дерсхэм гулъытэшхуэ щыхуамыщI гъэсапIэхэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, нэхъыбэщ, абы пщIэ щрагъэгъуэтхэм нэхърэ.

БищIор къытеувыIащ республикэм къыщацтэ хабзэхэр, IуэхущIапIэхэм я фIэщыгъэхэр, н.къ. бзищымкIи тхауэ щытын зэрыхуейми. Апхуэдэ икIи нэгъуэщI къэрал хабзэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъ IэщIагъэлI зэрыщымыIэри къыхигъэщащ.

Адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ зэрырагъэдж методикэр ФГОС-м тету къызэгъэпэщын зэрыхуейм тепсэлъыхьащ **Инчы Иринэ**. Абы и лъабжьэщ анэдэлъхубзэмкIэ кабинетхэр зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэгъэпэщыныр, зэреджэ тхылъхэр, методикэ чэнджэщхэр зэрыт пособиехэр эксперт мардэхэм хуэкIуэу щытыныр.

- КъинэмыщIауэ, анэдэлъхубзэхэм, ахэр езыгъэджхэм жылагъуэм щаIэ пщIэм хэхъуэнут, еджакIуэхэм а предметхэмкIэ къэрал къэпщытэныгъэ къапэщылъу щытамэ. Дызэрыщыгъуазэщи, ебгъуанэ классыр къэзыуххэм иджыпсту Iэмалыншэу ятыр экзаменитI къудейщ (мыгувэу плIы хъуну жаIэ), епщыкIуанэр къэзыухахэм ят экзаменхэми яхэткъым анэдэлъхубзэхэр, - жиIащ Инчым. - ГИА-уи ЕГЭ-уи щремыт, ауэ къэпщытэныгъэхэм Iэмал имыIэу хэгъэхьэн хуейщ анэдэлъхубзэхэмкIэ экзаменхэр. Школым щатыжуи щрырет ар - егъэджакIуэми сабийми ящIэн хуейщ зым иригъэджымкIэ, адрейм иджымкIэ жэуаплыныгъэ зэрахьыр. Урысыбзэр кууэ зэредгъэджым анэдэлъхубзэхэр IэщIыб тщIыпхъэу къигъэувыркъым.

Иринэ апхуэдэу тепсэлъыхьащ щылажьэ IэнатIэм анэдэлъхубзэхэм я пщIэр къэIэтынымкIэ щекIуэкI лэжьыгъэхэм. Абы зэрыжиIамкIэ, япэми хуэдэу, институтым къыщызэрагъэпэщ адыгэбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ курсхэр. Езыр зи унафэщI кафедрэр ядолажьэ егъэджакIуэ нэхъыфIхэм, ахэр щIыналъэпсо, къэралпсо зэпеуэхэм хуагъэхьэзыру. Къапщтэмэ, ди егъэджакIуэхэр хэтащ Анэдэлъхубзэхэр, урысыбзэри хэту, езыгъэджхэм я урысейпсо зэпеуэм, «Сыдэзыхьэххэм я дуней», «Интерактивнэ технологиехэмкIэ IэкIуэлъакIуэхэр» щIыналъэ зэхьэзэхуэхэм, нэгъуэщIхэми. Ди гуапэ зэрыхъущи, а зэпеуэхэм ди егъэджакIуэхэм ехъулIэныгъэ лъагэхэр къыщахьащ. Апхуэдэхэщ иужьрей илъэситI-щым абыхэм щытекIуахэу Пэшол Сакимэ, Гулэжын Маринэ, Хъуэст ФатIимэ, Пэунэж Залинэ, Башиевэ Фаридэ сымэ.

Инчым зи цIэ кърииIуахэм ящыщу **Пэунэж Залинэрэ Башиевэ Фаридэрэ** зыкърагъэхьэлIат зэIущIэм. Ахэр тепсэлъыхьащ я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм, анэдэлъхубзэр джыныр зэребгъэфIакIуэ хъуну къалъытэ щIыкIэхэм, къэралпсо зэпеуэм зэрыхэтахэм. ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэхэм Iэгуауэ ин хуаIэтащ псоми, я лэжьэкIэм пщIэ хуащIу.

Адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ ахэр зей лъэпкъхэм я хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, абыхэм япкърылъ къулеягъымрэ дахагъымрэ зиIэ нэгъуэщIыбзэ куэд зэрыщымыIэр къэлъытэн зэрыхуейм къыщыщIидзащ **Табыщ Мурат** и къэпсэлъэныгъэр. Адыгэбзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэным, зегъэужьыным хуэгъэпса IуэхугъуэфI куэдым я жэрдэмщIакIуэ IэщIагъэлIыр бзэм и щытыкIэм зэригъэпIейтейр нэрылъагъут. Инчым и псалъэхэр диIыгъыу, Мурати тригъэчыныхьащ анэдэлъхубзэхэмкIэ къэрал къэпщытэныгъэхэр зэрегъэкIуэкIыпхъэр.

ИпэжыпIэкIэ жыпIэнурамэ, сабийм анэдэлъхубзэм нэхърэ нэхъыфIу илъагъуркъым урысыбзэр е есэпыр, биологиер е химиер, тхыдэр е обществознаниер. Абы ахэр нэхъ кууэ, нэхъ егугъуу щIиджыр абыхэмкIэ ГИА е ЕГЭ итын хуейщ араш. ЦIыхур зэгугъур адэкIэ кIуэтэн папщIэ къигъэсэбэпынухэрщ. Анэдэлъхубзэхэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, жэуаплыныгъэ зыпылъ апхуэдэ къалэн гуэрхэри я пщэ дэлъкъым.

Анэдэлъхубзэхэр лъэпкъ гъэсэныгъэм я лъабжьэу зэрыщытын хуейм тепсэлъыхьащ **БакIуу Хъанджэрий**.

- Адыгэбзэр хъарзынэу зыIурылъу сабий садым етт ди цIыкIухэр, илъэс ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу, урысыбзэкIэ фIэкIа къыдэмыпсэлъэжу мэхъу. НэгъуэщI бзэхэр зэращIэр фIы дыдэщ, арщхьэкIэ абыхэм ягъэкIуэщIын хуейкъым анэдэлъхубзэм и къарур, и IэфIыр, и лъапIэныгъэр. СызэригугъэмкIэ, лъэпкъ республикэ цIыкIухэм я гъэсапIэхэм гулъытэ нэхъыбэ щыхуащIыпхъэщ анэбзэм. Ар сабийуэ зыIэщIэхухэм иужькIэ тыншу къащтэжыфынукъым, - Iуэхум иригузавэрт Хъанджэрий.

АнэдэлъхубзэхэмкIэ щыIэу щыта терминологие комиссэхэр тэмэму зэрымылэжьэжми тепсэлъыхьащ БакIуур. Абы жиIащ бзэм псалъэ гуэр къищтэн ипэкIэ, абы а комиссэр хэплъэн зэрыхуейр, апхуэдэуи цIыхур зэса псалъэхэр бзэм хэбгъэкIыну, абыхэм я пIэкIэ нэгъуэщIхэр къэпщтэну зэрыгугъури къыхигъэщащ.

Лъэпкъ гъуазджэхэм, литературэхэм, щэнхабзэхэм я лъапIэныгъэхэм щIэблэр щIэпIыкIын зэрыхуейм, анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр сабиипсэм нэсу зыхегъэщIэным тепсэлъыхьащ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. Апхуэдэу абы ифIэемыкIуу къыхигъэщащ адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр езыгъэджхэм ящыщ куэдым анэдэлъхубзэхэмкIэ къыдэкI газетхэм, журналхэм Iэ зэрытрамыдзэр.

- Ар дауэ? Лъэпкъым и бэуэкIэр къэозыгъащIэу щыIэ «Адыгэ псалъэр» е «Зэманыр», «Iуащхьэмахуэр» е «Минги Таур», «Нурыр» е «Нюрыр» къыпIэрымыхьэу, абыхэм ярыт тхыгъэхэм ящыщхэр лэжьыгъэм къыщумыгъэсэбэпу анэдэлъхубзэ зэребгъэджэфынур сэ сщIэркъым. Къапщтэмэ, адыгэбзэкIэ къыдэкI ди газетым и фIыгъэкIэ ди бзэм псалъэщIэ куэд къыхыхьащ. Бзэр зызыужьу, зызыхъуэжу щыщыткIэ, абы псалъэщIэ къыхыхьэныр е жьы хъуар хэкIуэдыкIыжыныр Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэщ. Сэ хуабжьу си гуапэ мэхъу, къапщтэмэ, адыгэ мазэцIэхэр егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэм къызэрыщагъэсэбэпыр, - жиIащ Мухьэмэд. - Анэдэлъхубзэм и пщIэр къэIэтыжынымкIэ, хуащI гулъытэм хэгъэхъуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм. Лъэпкъым и тхыдэм, и IуэрыIуатэм, и литературэм, и бзэм, и хабзэм щIэблэр дегъэхьэхынымкIэ лэжьыгъэшхуэ ялэжь зэпеуэр езыгъэкIуэкIхэм. Нэгъабэ ар ирагъэкIуэкIащ зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэр, «Адыгэ псалъэр», хэмыт пэлъытэу. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм ар щагъэзэкIуэжащ, ауэ гукъеуэу диIэщ адыгэбзэр зэрырагъэджым кIэлъыплъын, абыкIэ лэжьыгъэхэр тэрэз зыщIын IэщIагъэлI хэха КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм зэримыIэр. Абы унафэ тещIыхьыпхъэу къызолъытэ.

Анэдэлъхубзэхэм я пщIэр жылагъуэм къыщыIэтыжыным хуэгъэпсауэ ХьэфIыцIэм жиIащ анэбзэхэр зыIурымылъ, абыхэм хуэмышэрыуэ цIыхухэм къулыкъу лъагэхэр етын хуэмейуэ къызэрилъытэри.

Жылагъуэ советым анэдэлъхубзэхэм я IуэхумкIэ щыжаIахэр къызэщIикъуэжащ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

- Анэдэлъхубзэр лъэпкъым и фIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ. Ауэ ар зымылъытэ, абы пщIэ хуэзымыщI куэдым гъащIэм ущрохьэлIэ. Уахуозэ зи бзэкIэ мыпсэлъэжыфхэми, мытхэфхэми, уеблэмэ ар къызыгурымыIуэхэри щыIэщ. Апхуэдэхэр мымащIэу къытхэтщ адыгэхэми балъкъэрхэми. Башиевэ Светланэ ищIа докладым наIуэ дыдэ къищIащ ахэр, - жиIащ Сэхъурокъуэм. - АтIэ абыхэм сыт хуэдэ пыщIэныгъэ лъэпкъым хуаIэр? Ар упщIэшхуэщ. Лъэпкъхэр зыр адрейм къащхьэщызыгъэкIыжыр я бзэрщ. Дэтхэнэ лъэпкъми и къэкIуэнур щIэблэращ, икIи ар зыщыдмыгъэгъупщэу сабийхэм я анэдэлъхубзэр фIыуэ ящIэу къызэрыдгъэтэджыным дыхущIэкъун хуейщ.

ЗэIущIэм къыщацтащ зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм ехьэлIа чэнджэщхэр зэрыт унафэхэр. Абыхэм ящыщщ адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ хъумэнымкIэ, абыхэм адэкIи зегъэужьынымкIэ къэрал программэщIэхэр убзыхун, щыIэхэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэн зэрыхуейр; иджырей школым анэдэлъхубзэхэр зэрыщегъэджыпхъэм я жыпхъэхэр гъэувыныр; ФГОС-м и мардэхэм хуэкIуэу анэдэлъхубзэхэмкIэ программэхэр зэхэгъэувэныр; зэреджэ тхылъхэмрэ методикэ пособиехэмрэ къыхэзых, терминологие комиссэхэм я лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьэныр; анэдэлъхубзэхэмкIэ республикэ экзаменхэр школхэм къыщызэгъэпэщыжыныр; анэбзэхэр езыгъэдж лэжьакIуэхэм я пщIэр жылагъуэм къыщыIэтыным хуэгъэпса Iуэхугъуэхэр зэфIэхыныр; н.къ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зэпеуэ

# Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ дунейр кърагъэлынущ

**«Налшык насыпым и дамыгъэщ» зыфIаща, макъамэмрэ къафэмкIэ ещанэ дунейпсо зэпеуэр Налшык къалэм гъатхэпэм и 25-28-хэм щекIуэкIащ. Ар къызэригъэпэщащ Дунейпсо, Урысейпсо Арткомитетхэм я лIыкIуэу Кавказым щыIэм, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм ЩэнхабзэмкIэ и управленэмрэ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондымрэ и дэIэпыкъуэгъуу.**

ЗЭПЕУЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Абхъазым, Куржым, Осетие Ипщэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Дагъыстэным, Ингушым, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Москва, Санкт-Петербург къалэхэм щыщ уэрэджыIакIуэ гуп 50, къэфакIуэ гупи 110-рэ, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм я ансамбль 40.

Къызэгъэпэщакlуэ комитетым и унафэщI, Дунейпсо, Урысейпсо Арткомитетхэм я вице-президент, ТворчествэмкIэ академием и президент, академик **Бейтыгъуэн Iэуес** къыхигъэщащ зэпеуэр щекIуэкIа махуищым Налшык Урысей Ипщэмрэ СНГ-м и къэралхэмрэ я щэнхабзэ къалащхьэ зэрыхъуар.

«Урысейр и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ сыт щыгъуи цIэрыIуэу, абы иригушхуэу щытащ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ а хъугъуэфIыгъуэхэр илъэс мин бжыгъэкIэ тхъумэжын зэрытхузэфIэкIам. Ноби ар къызэрыдэхъулIэм елъытащ Урысей къэралыгъуэм и быдагъэр, нэгъуэщIхэм дазэрефIэкIыр», - Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и псалъэхэр къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжри, абыхэм Бейтыгъуэным щIигъужащ зи щэнхабзэкIэ зэхуэмыдэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр илъэс ещанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык щызэзэхуэзышэс Дунейпсо, Урысейпсо Арткомитетхэм я лIыкIуэу Кавказым щыIэм апхуэдэ къалэн зэрызыхуигъэувыжыр.

ХьэщIэхэм я нэгу зыщрагъэужьащ Налшык къалэм и щIыпIэ дахэхэм, Гуэл ЩхъуантIэхэм, Шэджэм псыкъелъэхэм. Зэпеуэм хэтахэм жаIащ зэхыхьэм и фIыгъэкIэ Урысейм и налкъуту къалъытэхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэ-рым зыщаплъыхьыну Iэмал зэраIар, Налшык къалэм и щIыуэпсыр ягу зэрыдыхьар, иджыри я благъэхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ я гъусэу къытрагъэзэжыну, щIыналъэм и тхыдэм, щэнхабзэм, хабзэхэм зыхагъэгъуэзэну зэрахъуэпсапIэр.

КъафэмкIэ, уэрэд жыIэнымкIэ, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэнымкIэ зэпеуэм хыхьэу дерсхэр ятащ. Апхуэдэу къафэхэр, зэныбжьэгъугъэм и пшыхьхэр къызэрагъэпэщащ. Налшык къалэм и Музыкэ театрым зэпеуэр концерткIэ щызэхуащIыжащ.

Зэхыхьэм и хьэщIэхэмрэ абы хэтхэмрэ КъБР-м и Парламентым и цIэкIэ фIэхъус ярихащ КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Пащты Борис**. Абы ягу къигъэкIыжащ щIэблэр зэрылъытэу, Хэкур фIыуэ ялъагъуу, зым адрейм пщIэ хуащIу къэгъэхъуным теухуа мыпхуэдэ зэхыхьэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

Зэпеуэм хэтахэм Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и цIэкIэ хъуэхъукIэ захуигъэзащ икIи текIуахэм щIыхь тхылъхэр яритащ ЩэнхабзэмкIэ департаментым и унафэщI **Токъуий Мадинэ**.

Зэпеуэм хэта гупхэм я лIыкIуэхэм я унафэщIхэм я цIэкIэ къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ уэрэд жыIэнымкIэ къэпщытакIуэ гупым и Iэтащхьэу щыта, Урысей лъэпкъхэм я Артиадэм и лауреат, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым и къудамэм и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэр, Дагъыстэн республикэхэм щIыхь зиIэ я артисткэ, Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ **Даур Иринэ**. Абы къыхигъэщащ зэпеуэм хэтахэм зэфIэкIышхуэ зэрабгъэдэлъыр.

КъафэмкIэ къэпщытакIуэ гупым и унафэщI, «Алан» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и балетмейстер, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм ГъуазджэхэмкIэ и колледжым, Гергиев Валерий и цIэр зезыхьэу щыIэ къафэмкIэ и къудамэм и унафэщI, Урысей лъэпкъхэм я Артиадэм и лауреат **Тедеев Руслан** фIыщIэ яхуищIащ гуапэу зэрырагъэблэгъам папщIэ икIи Кавказым щыпсэухэм къадэкIуэу, Урысейм и адрей щIыпIэхэм, хамэ къэралхэм щыщхэри Iуэхум илъэсищым къриубыдэу къызэрыхыхьар.

Илъэсищым и кIуэцIкIэ «Налшык насыпым и дамыгъэщ» зэпеуэм зэхуишэсащ Арменией, Алыджым, Тыркум, Монголием, Украинэм, Белоруссием, Абхъазым, Осетие Ипщэм, Кореем щыщхэр. Дунейпсо, Урысейпсо Арткомитетхэм «Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ дунейр кърагъэлынущ» я къыхуеджэныгъэр псоми къызэдащтэну дыщыгугъынщ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**

ТхылъыщIэ

# Дэтхэнэми фIэгъэщIэгъуэн хъун къыщигъуэтынущ



**Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъыщIэр дунейм къызэрытехьэрэ куэд мыщIами, абы итхэм ятеухуа нэтынхэр центральнэ телеканалхэм ягъэхьэзырыну хунэсащ. «МИР 24» телеканалым 1914 гъэм Тэрч щIыналъэм щехуэхауэ щыта метеоритым, «РЕН ТВ»-м алмэстым теухуауэ нэтынхэр трахащ.**

ТХЫЛЪЫМ фIащар кIыхьщ: «Кавказ мистический. В роли охотников за: тайнами «Аненербе», «величайшим» из метеоритов, снежным человеком», ауэ абы дэтхэнэми фIэгъэщIэгъуэнын гуэр къыщигъуэтынущ.

«Ключи от мира тайн мертвых» фIэщыгъэ иIэу 2011 гъэм зэщхьэгъусэ лъахэхутэхэм къыдагъэкIауэ щыта тхылъым ит къэхутэныгъэхэм 2015-2016 гъэхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр дыщIагъужауэ аращ.

Тхылъыр къыдэзыгъэкIахэр пылъащ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм республикэм и бгылъэ щIыпIэхэм къыщалъыхъуар зэхагъэкIыжыну. Ахэр тепсэлъыхьащ Тэрч щIыналъэм хыхьэ къуажэхэм ящыщ зым зыбжанэрэ метеорит къыщехуэхауэ зэрыщытам, нэгъуэщIхэми.

Я къэхутэныгъэхэр тхыдэкIэ, къэхъуа Iуэхухэмрэ сурэткIэ щIэгъэбыдэжауэ зэрыщытым и фIыгъэкIэ, тхылъым итхэр уи фIэщ мэхъу.

И теплъэкIи и купщIэкIи зыхуей хуэзэу къыдэкIа тхылъым и уасэр соми 150-рэщи, нэхъыбэм къащэхуну Iэмал яIэнущ.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**

● Дифl догъэлъапlэ

# ДАУ Марианнэ: Си гъащIэм нэхугъэр щыкуэдщ



*УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Музыкэ театрым и солисткэ Дау Марианнэ лъэпкъ щэнхабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм и макъамэ гъуазджэм и вагъуэ пэрытхэм ящыщщ. Абы и творчествэр фIыуэ зылъагъухэм я мызакъуэу, арэзы щIыгъуей критикхэм я дежи пщIэ лъагэ къыщилэжьын хузэфIэкIащ. Марианнэ къыщалъхуа щIыналъэми, къэралым и утыкушхуэхэми, хамэ хэкухэми Iэгуауэ инхэр щыхуаIэт.*

*Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, лъэпкъ щэнхабзэм и фIыпIэр утыку ихьэным, Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Федерацэмрэ я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным хуэунэтIа Iуэхухэм жыджэру хэтщ Даур.*

*«Дау Марианнэ уэрэд жиIэу, къафэу зымылъэгъуар уэрэдым и IэфIыпIэм хэкIыжащ», хужиIауэ щытащ абы тхакIуэ Хьэх Сэфарбий. Ауэ щыхъукIи, Марианнэ нэгъуэщIыбзэкIэ уэрэд жиIэу уедэIуэну гухэхъуэщ.*

*Езым зэрыжиIэмкIэ, Тхьэм къыбгъэдилъхьа зэфIэкIыр егъэджакIуэ набдзэгубдзаплъэхэм ямыунэтIамэ, ар иджы щытлъагъу творческэ лъагапIэм лъэIэсыну фIэщщIыгъуейт. Артистхэр щагъэхьэзыр ГИТИС-м щыщIэса илъэсхэм абы и насып кърихьэкIри, вокалымкIэ егъэджакIуэ профессор Потаповская Динэ, курсым и художественнэ унафэщIу щыта, актёр Iэзагъым хуезыгъасэ, СССР-м щIыхь зиIэ и артист, режиссёр, профессор Анисимов Геннадий, сценическэ бзэмкIэ и егъэджакIуэ профессор Титовэ Александрэ сымэ, нэгъуэщI егъэджакIуэ цIэрыIуэхэри я IэзагъэмкIэ къыдэгуэшащ Даум.*

*Зэчий инымрэ ар зыщIапIыкIа лъэпкъ гупсысэмрэ куэдкIэ сэбэп къыхуэхъужащ Марианнэ, уеблэмэ, ахэращ бзылъхугъэм щIэгъэкъуэн нэхъыщхьэу иIахэр.*

*Кальман Имре - «Марица», «Фиалка Монмартра», Птичкин Евгений - «Бабий бунт», Молэ Владимир - «Дахэнагъуэ», «Къамботрэ Лацэрэ», Легар Франц - «Весёлая вдова», Чайковский Александр - «Верность» оперэхэм, оперетэхэм, музыкальнэ комедиехэм, нэгъуэщIхэми гуимыхуж образхэр къыщигъэщIащ. Даум и творчествэм лъэпкъ уэрэдыжьхэм, адыгэ тхакIуэхэм хэкум, хабзэ дахэм теухуауэ я Iэдакъэ къыщIэкIахэм увыпIэ щхьэхуэ щаубыд.*

*Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIар къалъытэри, 1999 гъэм «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ» цIэ лъапIэр абы къыхуагъэфэщащ.*

*1994 гъэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и къудамэу республикэм щыIэм и унафэщIщ. А IэнатIэми гурэ псэкIэ бгъэдэт бзылъхугъэм Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Къапщтэмэ, 2015 гъэм ФНПР-м и дамыгъэ нэхъ лъапIэмкIэ «За заслуги перед профдвижением России» жыхуиIэмкIэ ягъэпэжащ.*

*Щэнхабзэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, 2012 гъэм Дау Марианнэ КъБР-м и Правительствэм и щIыхь тхылъыр къратащ.*

*Сызытетхыхь бзылъхугъэм и зэфIэкIыр къуэпсыбэщ. И лэжьэгъухэм зэрыжаIэмкIэ, ар сыт хуэдэ ролми изагъэ артист гъуэзэджэщ. И цIыху щIыкIэкIэ-щэ?*

*Артист, уэрэджыIакIуэ зэчийм и цIыху щIыкIэр зэремыфэгъуэкIым абы дедгъэкIуэкIа псалъэмакъыр иджыри зэ щыхьэт тохъуэ.*

*ЖызыIэ щыIэщ лэжьыгъэмрэ унагъуэмрэ уехъулIэу пхуэзэдэмыхьыну, тIум я зыр дэдзыха хъууэ. Дау Марианнэ лъэныкъуитIми хурикъу цIыхущ, унагъуэми, лэжьапIэми щынасыпыфIэщ. Ар илъэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлIэу дедгъэкIуэкIа псалъэмакъыр фи пащхьэ идолъхьэ.*

## Гъуазджэр цIыху зэхущытыкIэм къыщожьэ

СЫЦIЫХУ насыпыфIэщ. Си лэжьыгъэм ди лъэпкъым пщIэ зэрыхуищIым къару тIуащIэ къысхелъхьэ. СыкъызыхэкIа Дау лъэпкъми, сызыхыхьа Жырыкъхи си ехъулIэныгъэ къэс щогуфIыкI, си IуэхущIафэхэр къыздаIыгъ зэпытщ. Лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэкIэ зызужьынымкIэ си адэ-анэм яхузэфIэкI къагъэнакъым. Ди псалъэр, ди Iуэху еплъыкIэр ялъытэрт. Дзыхь къытхуащIырти, хуитыныгъэ къыдатырт, ауэ щыхъукIэ, дэри едгъэлей зэрымыхъунур тщIэжырт. Лэжьыгъэми дыщымышынэу, щIэныгъэми дыхуэпабгъэу дапIащ. Ди хьэлыр, цIыху щIыкIэр дыщалъхуа зэманым ипсыхьат. Си насып къикIри, лъэпкъ нэхъ мащIэхэм я щэнхабзэр къаIэтыну яужь щита зэман дахэм сыхалъхуат. «Зым Iэпыхур адрейм къищтэжу» псалъэжьым дытету, дэнэ дыщыIами унагъуэм дыкъыхуеIэжу, зыр адрейм дыхуэпIащIэу дызэхуэсыжырт. Уи гур щызу, укъимыкIуэту утыкум уитыфын щхьэкIэ унагъуэмкIэ уигу мыныкъуэу, абы пщIэ, зэгурыIуэ щытепщэу щытыпхъэщ.

## Гукъеуэ

СЭ ЖЫСIЭРКЪЫМ блэкIам къигъэзэжын хуейуэ, ауэ а зэманым фIагъыу хэлъар, иджырей гъащIэм къезэгъыр къыхэткъузыкIын, тхъумэн хуейщ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэрэ щэнхабзэм гулъытэ хэха хуащI, ар къызэраIэтыжыным яужь итщ. Абы ехьэлIауэ иджыблагъэ Парламентым щекIуэкIа псалъэмакъым ди профсоюзым и еплъыкIэр утыкум къыщислъхьати, хэкIыпIэ хэха зэгъусэу къэтлъыхъуэну дызэгурыIуащ.

«ПщIэншэ уадэ Iэтыгъуейщ», жеIэ адыгэм. Псом ящхьэжыр улахуэращ. Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и улахуэм унагъуэ ирипIыфу, и бын иригъэджэфу, и узыншагъэм кIэлъыигъэплъыфу щытын хуейщ. Ахэр я зыхуэпэкIэ къудеймкIи цIыхухэм къахэщу щытыпхъэщ.

Щэнхабзэм къэралым хухих мылъкум кIэригъэхуурэ мащIэ дыдэ хъуащ. Талантышхуэ зыбгъэдэлъ цIыхухэр лъэпкъым махуэ къэс къыхэхъуэркъым, иIэхэри щIэгъэкъуэнынышэщи, я пIэ иуджыхьу къонэ. Къуажэдэсхэм си гур нэхъ яхуэмыгъуэщ. Щэнхабзэм трагъэкIуэдэн мылъку зэрабгъэдэмылъым къыхэкIыу, абыхэм нэхъ гулъытэшхуэ къэралым яхуищIын хуейщ. ЩэнхабзэмкIэ унэхэр зэдгъэпэщыжын щхьэкIэ республикэр федеральнэ программэхэм дыхыхьэу мылъку къыхэтхыпхъэщ. Узэлэжьынрэ узытелэжьэнрэ гъунэжщ. Щэнхабзэм и Iуэхур къуажэхэм я IэмыщIэ иралъхьэжащ, ауэ къэралыр къадэмыIэпыкъумэ ар яхуэгъэкъаруунукъым. Ахэр псори ЩэнхабзэмкIэ министерствэм епхыжауэ щытыпхъэщ. Щэнхабзэм хуэгъэпса федеральнэ унафэр УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм илъэситI хъуауэ къамыщтэу ирагъэкIуэтэкI. Абы дрогузавэ. Ди япэ ита нэхъыжьыфIхэм дэ нэхъ лъагэу зытIэтын папщIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ, дэри пщэдейрей щIэблэм лъабжьэ дахуэхъупхъэу зэрыщытыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

## Лэжьыгъэр

ТЕГЪЭЧЫНЫХЬАУЭ къызэныкъуэкъу си хъуреягъым хэтауэ схужыIэнукъым. СиIами, абыхэм си гулъытэ зэи ялъэIэсакъым. Лэжьыгъэ къызатыр ныкъусаныгъэншэу зэрызэфIэзгъэкIыным яужь ситащ, режиссёрхэм жаIэм, къысхуащI унафэм сытетащ. Сыт хуэдэ роль сымыгъэзащIэми, спектаклхэр зыгъэува режиссёрхэмрэ дирижёрхэмрэ къысхуэмыарэзыуэ утыкум сыкъикIыжакъым. Сыхуэмыхьэзыру сценэм сихьэныр къэгъэнауэ, репетицэ къудейм апхуэдэу сыкIуэркъым. Утыкум сыщIихьэ цIыхухэм пщIэ, нэмыс яхуэзмыщIу зэи къэхъуакъым. Ар псом япэ адыгэ хабзэращ къызыхэсхар. Зызгъэпэгэн, зыкъысфIэщIыжын хуейуи зэи къэслъытакъым. Гъуэгугъэлъагъуэ схуэхъуа куэдым псалъэ дахэ яхуэфащэщ. Щхьэхуэу я цIэ къисIуэну сыхуейщ музыкэм япэ лъэбакъуэр хэсчэным сытезыгъэгушхуа Ахъмэт Щэлэуат, иужькIэ IэщIагъэ зэзгъэгъуэтынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъуа Ефэнды Джылахъстэн сымэ.





## Зэманым зи щIалэгъуэрщ игъафIэр

ГъащIэр мэкIуатэ щIэдзапIэ зиIэм кIэухи иIэщ . Утыкум фIыуэ илъагъур зэчий зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэрщ. Аращи, зи щIалэгъуэм гъуэгу етын хуейщ. Ныбжь зиIэ артистым нэхъ щIалэм и ролыр игъэзэщэну яужь ихьэрэ - Iэзагъыу иIэр бгъэдилъхьэми, и ныбжьыр сценэм къыщIигъэщынущ. Артистхэми дэтхэнэ цIыхуми хуэфащэмрэ хуэмыфащэмрэ ящIэжмэ, тыншу зэманым хэзэгъэнущ, хуиту я псэр утIыпщауэ дунейм тетынущ. Щхьэж и насып иIэжщ, ар абы тезыхыфын щыIэкъым: япэ ущити, нэхъ иужь укъыщини къэхъунщ, гъащIэ гъуэгу щыхъукIэ.

## Роль нэхъыщхьэр - гъащIэрщ

ГЪЭЩIЭГЪУЭНЫР пщIэрэ? Зыкъыщысцlыхуж роль зэи сиIакъым. Сыт хуэдэ щIыкIэми соувэф, сыт хуэдэ роли схуэгъэкъаруунущ ауэ абыхэм зэзгъэщхь къахэкIакъым. НэхъыфIу слъагъу роль сиIэу схужыIэнукъым, си дежкIэ роль псори зэхуэдэщ. Нэхъыщхьэр творчествэращ, образыр къыщызгъэщI дакъикъэхэрщ.

Я гъэсэныгъэкIи щIэныгъэкIи зэмыщхь цIыхухэр зэщыщ сщIыфу, ахэр къэзгъэдэIуэфу схэлъ къарум насыпыфIэ сещI. Ар куэдкIэ я фIыгъэщ си егъэджакIуэхэм, си япэ ита нэхъыжьыфIхэм. Апхуэдэщ япэ дыдэ сызыдэлэжьа дирижёр Бекъул Леонид, Темыркъанхэ Борисрэ Пётррэ, Щэбэтыкъуэ Натбий сымэ. Музыкэ театрыр хъумэным, артистхэм я зэфIэкIым зегъэужьыным я гуащIэшхуэ ирахьэлIауэ щытащ хормейстерхэу Бицу Юрий, ПащIэ Рамед, Кузнецов Юрий, Хьэкъул Розэ сымэ, нэгъуэщIхэми. Ауэ щыхъукIи, гъащIэм нэхърэ нэхъыщхьэ роль цIыхум зэримыIэр жысIэну сыхуейщ.

## Унагъуэр псом ящхьэщ

СИ ЩХЬЭГЪУСЭ Жырыкъ Заурրэ сэрэ хъыджэбзитI диIэщ. Нэхъыжьыр Къэрым Иринэрэ Заурррэ яйщ, ауэ си быным хуэдэу фIыуэ солъагъу. Зы махуи бын зэхэгъэж сщIакъым. Ди пхъурылъхухэми анэшхуэ зэхэгъэж ямыщIу, зэхуэдэу фIыуэ дыкъалъагъу. А цIыкIухэри гъуазджэм зэрыдихьэхам сыщогуфIыкI. Хъыджэбз нэхъыжьыр опернэ уэрэджыIакIуэщ, ехъулIэныгъэ и куэдщ. КъБКъУ-м и «Амикс» гупым и унафэщI Къул Амир и щхьэгъусэщ. Ди хъыджэбз нэхъыщIэр музыкантщ, гъуазджэмкIэ институтыр къиухащ, композиторщ, сурэт хьэлэмэтыщэхэр ещI, уэрэд етх.

## Гугъуехьым цIыхур епсыхь

СЫТ хуэдэ гугъуехьми сыщымышынэу, сызэрыпэлъэщынур сщIэуэ нобэр къыздэсым сыкъэсащ. ИгъащIэм цIыхум и жагъуэ сщIыну сыхэтакъым, фIы сщIэмэ - псым хызодзэ. ГъащIэм ущышынэ хъунукъым, удзыхауэ къызэрищIэу - къыптегушхуэнущ, къыптегушхуэм лъэгущIэт уищI хабзэщ. ЦIыху кудым гъэсэныгъэ зэрахэмылъри, цIыхугъэ зэрадумылъагъури, къыпкIэлъызэрахьэ Iуэху мыхъумыщIэхэри къызыфIэбгъэIуэху, уигу щIэбгъэхьэ хъунукъым. ГъащIэм елъытауэ ахэр зыри зэримыщIысыр иужькIэщ къыщыбгурыIуэр. Уи гур буухыжу, угъ-убжэу зы дакъикъи ущыт хъунукъым. ГъащIэм и IэфIыпIэр цIыхум сыт щыгъуи къилъыхъуэу щытын хуейщ. ФIыуэ плъагъу IэщIагъэ упэрытмэ, фIыуэ укъэзылъагъу цIыхухэр къыпкъуэтмэ - абы лъэщ уещI, дэрэжэгъуэ къует. Мурадхэр къызолыжри, си бгыр щIэскъуззэу, илъэс бгъущIрэ бгъум сынэсыху сыпсэун гуращэ сызэриIэр гъащIэм изоIуэкI. Сызэхих хуэдэщ, Тхьэм и фIыщIэкIэ.

## Нэхъыщхьэр

ХЬЭЛЭЛАГЪ, лIыгъэ, гудзакъэ зыхэлъырщ пщIэ хуэпщIыну зыхуэфащэр. ЦIыху нэхъыбэм сэбэп уазэрыхуэхъуным яужь уитын хуейщ. Псапэ пIэпыкIым къаруушхуэ къызэщIегъэушэ. ЦIыху гъэунэхупIэ щIэхщIэхыурэ ущихуэ къохъу. Ауэ сыт хуэдизу гугъу уемыхьами, дунейм утетыху гъащIэр фIыуэ плъагъун хуейщ. Тхьэм жиIэмэ, дяпэкIи лъэпкъым сыхуэлэжьэну, сыхуэщхьэпэну си мурадщ! Нэху здэщыIэм кIыфIыгъэр щыкъаруунщэщ! Си гъащIэм нэхугъэр щыкуэдщ!

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# ЩызэротIэпIыкI усыгъэр гъатхэм

<u>**Гъатхэпэм и 21-м, Усыгъэм и дунейпсо махуэм, Сэралъп Мадинэ и Артцентрым пшыхь гуапэ щекIуэкIащ.**</u>



- Къаныкъуэ Заринэ зи унафэщI «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм гъэм и теплъэгъуэхэм хуэгъэпсауэ иригъэкIуэкI усэ пшыхьхэр зэрырагъажьэрэ мы гъэм илъэсибл ирокъу. Усыгъэм дихьэххэм кIуэ пэтми къазэрыхэхъуэр уи гуапэ мыхъуу къанэркъым. Уеблэмэ абы щапхъэ трахыу апхуэдэ пшыхьхэр я дежи щезыгъэкIуэкI щIыналъэхэри зэрыщыIэм дыщогуфIыкI, - жиIащ Налшык Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ и уардэунэм и режиссёр нэхъыщхьэ **Гумэ Маринэ** зэIущIэр къыщызэIуихым.

ЦIыхугур зыдэушэ, дунейм псэ къыщыхыхьэж гъатхэм хуэмыусауэ зы тхакIуи щыIэу къыщIэкIынкъым. Гъатхэ, усэ, лъагъуныгъэ псалъэхэр зэрызэпыщIам арэзы темыхъуэн къэгъуэтыгъуейщ.

Гъатхэм теухуа пшыхьым усэ къыщеджэну кърагъэблэгъат КъБР-м и цIыхубэ артист **Думэн Мурадинрэ** КъБКъУ-м ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ и Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщI, университетым ФилологиемкIэ и институтым и егъэджакIуэ **Езауэ Мадинэрэ**.

IутIыж Борис, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэIупэ ДжэбрэIил, Ацкъан Руслан, Къаныкъуэ Заринэ сымэ, нэгъуэщIхэми я усэ къыхэщыпыкIахэмкIэ ягъэгуфIащ пэшым щызэхуэсахэр. УэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэ Щоджэн СэIихьэт жиIа уэрэдхэм гъатхэм и гуакIуагъэмрэ гъащIэм и IэфIагъымрэ нэхъ кууэ зыхыуагъащIэрт.



Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щеджэ ныбжьыщIэхэми я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ пшыхьым. Абы къарихьэлIа псоми гуIэфIтещIэж яхуэхъуат IутIыж Борис и псалъэхэр зыщIэлъ «ГукъэкIыж» уэрэдыр **Нэхущ Чэримрэ Думэн Мурадинрэ** зэрагъэзэщIар.

- Сэ си ныбжьым зы дахэ гуэр слъэгъуамэ, мы усэ пшыхьхэр етIуанэщ, - жиIащ композитор **ХьэIупэ ДжэбрэIил**. - Лъэпкъыбзэр IэщIыб щащI зэманым усэ пшыхь къызэбгъэпэщыну тегушхуэгъуейщ. Сыхуейт радиомрэ телевиденэмрэ щапхъэ къыфтрахыну, адыгэ псалъэжьхэр нэхъыбэрэ утыку кърахьэну. Гъатхэм хуэдэу фыщIэращIэу, фи къэкIуэнур дахэ хъуну сынывохъуэхъу, - захуигъэзащ ХьэIупэм къызэхуэсахэм.

- Усыгъэмрэ адыгэбзэм- рэ я IутIыж пшыхьхэм я къалэн нэхъыщхьэу дгъэувар ди усакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр тхылъ напэм къытекIыу цIыхугум лъэIэсынырщ, си гугъэщ ар къыдэхъулIэу, - жиIащ Гумэ Мар-инэ пшыхьыр щызэхуищIыжым. - Усыгъэр ди гъащIэм къемымэщIэкIыу, яусым щIэупщIэ иIэу дыпсэуну сохъуахъуэ. Гъэмахуэр зэхудипIалъэщ!

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**



# «Нартыр» пашэхэм зыкIэрагъэху

● Футбол

<u>**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей чемпионатым ещанэ джэгугъуэр щызэхэтащ. Абы пашэхэр нэхъри игъэбелджылащ.**</u>

ЯПЭ джэгугъуитIми щытекIуа командиплIым ящыщу ещанэр хэщIыныгъэншэу къезыхьэлIахэм «Нартыр» яхэкIащ. Нарткъалэдэсхэр я стадионым щефIэкIыфакъым КъБР-м футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм къыхыхьагъащIэ «ХьэтIохъущыкъуейм».

Бжьыпэр зэдаубыдащ «Къэхъуным», «Автозапчасть»-м, «Союз-Сэрмакъым». Абы щыгъуэми къэхъундэсхэм я хьэрхуэрэгъухэр иужьу бжыгъэшхуэкIэ хагъэщIамэ, адрейхэр я ныкъуэкъуэгъухэм япэ зэрищыфар зы топкIэщ. АрщхьэкIэ къыхэгъэщыпхъэщ «Автозапчасть»-ри «Союз-Сэрмакъри» хамэ щIыпIэхэм зэрыщыджэгуар.

Топ куэд дыдэ щыдагъэкIащ Къэрэгъэш къуажэм. Абы и «Велес»-мрэ «Кэнжэмрэ» зэхэту 14-рэ къыхэжаныкIащ. Хэгъэрейхэм нэхъыбэрэ ар къазэрехъулIам текIуэныгъэ къахуихьащ.

Зэхьэзэхуэм щыщу джэгугъуищ зэхэтами, зы очкои иджыри къэс зыIэрагъэхьакъым «Родник», «Горис-179-Кавказкабель», «Кэнжэ», «Бахъсэн» командэхэм. ДяпэкIэ абыхэм щIакъуэжыну дыщыгугъынщ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм занщIэу бжьыпэр щиубыдащ «Къэхъуным» иужьрей илъэсхэм и пашэ ШащIэ Беслъэн. Мы гъэми зыри зылъэщIимыгъэхьэну ар хущIэкъуну фэ тетщ.

АдэкIэ щыгъуазэ фахуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щызэхэта пэщIэдзэ зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Бедик**» (Арщыдан) - «**Спартак-Налшык-Д**» (Налшык) - **3:0**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **2:2**, «**Горис-179-Кавказкабель**» (Прохладнэ) - «**Союз-Сэрмакъ**» (Налшык) - **1:2**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **2:3**, «**Велес**» (Къэрэгъэш) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **8:6**, «**Къэхъун**» (Къэхъун) - «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - **6:2**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **2:3**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Iэдииху**» (Iэдииху) - **1:2**.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэдэджэгунущ «Велес» - «Тэрч», «Автозапчасть» - «Горис-179-Кавказкабель», «Союз-Сэрмакъ» - «Нарт», «ХьэтIохъущыкъуей» - «Iэдииху», «ЛогоВАЗ» - «Псыгуэнсу», «Родник» - «Бедик», «Спартак-Налшык-Д» - «Къэхъун», «Кэнжэ» - «Бахъсэн» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. **«Къэхъун»** | **3** | **3** | **0** | **0** | **12-4** | **9** |
| 2. **«Автозапчасть»** | **3** | **3** | **0** | **0** | **9-2** | **9** |
| 3. **«Союз-Сэрмакъ»** | **3** | **3** | **0** | **0** | **10-5** | **9** |
| 4. «Нарт» | 3 | 2 | 1 | 0 | 8-5 | 7 |
| 5. «Псыгуэнсу» | 3 | 2 | 1 | 0 | 6-4 | 7 |
| 6. «Iэдииху» | 3 | 2 | 1 | 0 | 5-3 | 7 |
| 7. «Бедик» | 3 | 2 | 0 | 1 | 7-2 | 6 |
| 8. «ХьэтIохъущыкъуей» | 3 | 1 | 1 | 1 | 4-4 | 4 |
| 9. «Велес» | 3 | 1 | 0 | 2 | 12-14 | 3 |
| 10. «ЛогоВАЗ» | 3 | 1 | 0 | 2 | 5-7 | 3 |
| 11. «Тэрч» | 3 | 1 | 0 | 2 | 4-7 | 3 |
| 12. «Спартак-Налшык-Д» | 3 | 0 | 2 | 1 | 2-5 | 2 |
| 13. «Родник» | 3 | 0 | 0 | 3 | 4-7 | 0 |
| 14. **«Горис-179-Кавказкабель»** | **3** | **0** | **0** | **3** | **2-5** | **0** |
| 15. **«Кэнжэ»** | **3** | **0** | **0** | **3** | **7-15** | **0** |
| 16. **«Бахъсэн»** | **3** | **0** | **0** | **3** | **3-11** | **0** |

**Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ**

**Редколлегием хэтхэр**

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр I994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **ТекIужь Заретэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 4.072 • Заказ №481